

YON TI GID RAPID

ÒDONANS POU PWOTEKSYON GRANMOUN ADILT KI VILNERAB

INDIAN RIVER COUNTY



KIYÈS KI KAPAB DEPOZE YON PETISYON?

- ▶ Yon granmoun adilt ki vilnerab ki anba yon danje imedya pou yo eksplwate li oubyen moun lan ki responsab li
- ▶ Yon moun oubyen yon òganizasyon ki aji avèk konsantman adilt ki vilnerab lan, oubyen moun lan ki responsab li
- ▶ Yon ajan ki anba yon pwokirasyon dirab
- ▶ Yon moun ki an menm tan depoze yon petisyon pou detèmine enkapasite epi deziyasyon yon responsab pwovizwa ki nonmen dijans pou granmoun adilt ki vilnerab lan



POU DEPOZE YON PETISYON:

- ▶ Si genyen yon titèl ki ann enstans, se pou petisyon an depoze nan ka sa a; san sa, se pou li depoze nan sikwi kote granmoun adilt ki vilnerab lan abite.

* Selon seksyon 825.1035(2) nan Stati Florid yo

Efè ki swiv Fo Deklarasyon nan Tribinal lan:

Nenpòt moun ki fè fo deklarasyon nan yon petisyon pou yon òdonans kont eksplwatasyon yon granmoun adilt ki vilnerab sijè anba sanksyon penal epi pouswit pou paji an vèti seksyon 837.02, nan Stati Florid yo.



KIYÈS KI YON ADILT VILNERAB?

- ▶ Yon adilt ki genyen kapasite redwi pou li:
 - Fè aktivite nòmal nan lavi kotidyen
 - Kapab okipe tèt li avèk pwòp bezwen li
- ▶ Kapasite redwi an genyen kòm lakòz nenpòt nan eleman sa yo: andikap (mantal, emosyonèl, sansoryèl, fizik a lon tèms oubyen devlopmanal), domaj nan sèvo, oubyen si yo enfim difèt yo genyen laj avanse

** Selon seksyon 415.102(28), nan Stati Florid yo*



KISA KI EKSPLOWATASYON?

- ▶ Anpeche adilt vilnerab lan pwofite de lajan oubyen byen li
- ▶ Mete granmoun adilt lan anba privasyon avèk yon kapasite redwi nan lajan oubyen byen li
- ▶ Vyole yon devwa fidisyè anvè granmoun adilt lan
- ▶ Fè move itilizasyon kont nan labank
- ▶ Refize bay nesosite de baz
- ▶ Modifye plan pou eritaj granmoun adilt vilnerab lan pou pwòp benefis yo

** Selon seksyon 825.103(1), nan Stati Florid yo*



ENFÒMASYON KONTAKT

RYAN L. BUTLER

Clerk and Comptroller

2000 16th Ave

Vero Beach, FL 32960

(772) 226-3114

www.indianriverclerk.com

LIY DIJANS POU ABI NAN FLORID

1-800-96ABUSE (1-800-962-2873)

TTY: 1-800-955-8771



FLORIDA
**COURT CLERKS &
COMPTROLLERS**